Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РАСТДЗИНАД

№73 (26046)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 25 апрель — хуымгæнæны мæйы 25 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НАЦИОН ПРОЕКТЫ ФÆРЦЫ
Горæты цæрджыты æнæниздзинад

3 ФЕДЕРАЛОН ПРОЕКТ
Уæрæх фадæтты бæстæ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Армрестлинг

Пресс-конференци

Цы фесты зæххытæ?

Ацы аз январы мæй аппаратон æмбырды РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг Сергей МЕНЯЙЛО нæ республикæйы Паддзахадон исбонад æмæ зæхты ахастдзинæдты министрадæн бахæс кодта, Цæгат Ирыстоны зæхты куыд æмæ цавæр закъоны бындурыл уæйгонд цыдысты, уыцы хъуыддæгтæ сбæрæг кæнын. Егъау куыст ацы фарстайы фæдыл абон дæр нæма фæци, фæлæ уал цы бантыст сбæлвырд кæнын, уый фæдыл знон нæ республикæйы Сæргъæлæууæг журналисттæн сарæзта пресс-конференци. Мадзалы архайдта РЦИ-Аланийы паддзахадон исбонад æмæ зæхты ахастдзинæдты министр ТЕДЕТЫ Руслан дæр.

Сергей Меняйло куыд загъта, афтæмæй уæлдæр амынд министрадимæ архайынц барадхъахъхъæнынады оргæнтæ, прокуратурæ æмæ цæстдарæн структурæтæ.

Сергей Меняйло фæбæрæг кодта ацы куысты ахосæгтæ.

– 2021 азы бахæс кодтон куыд хъалонтæ æвæрыны бындурмæ бинонытæ æркæсын, афтæ зæхты фарстамæ дæр. Уыцы рæстæг зæхты хъуыддæгтыл бæрнондзинад хастой бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ, æмæ ацы аз 1 январæй фæстæмæ уыцы бæрнондзинад закъоны бындурмæ гæсгæ ивд æрцыд. Нæхæдæг байуарæм зæхты, зæгъгæ, уый тыхæй нæ, фæлæ, цы æгъдауæлдтытыл сæмбæлдыстæм, уыдон аиуварс кæныны тыхæй. Зæхты гæбаз нæ республикæйы нал баззад. Хæхты æмæ къæдзæхты фæхстæ, хъæдтæ дæр уæйгонд æрцыдысты. 2022-2023 азты уголовон хъуыддæгтæ арæзт æрцыд иуæй-иу хъæуты сæргъæлæууæдзытыл, хæдзарадон хыгъды чингуыты мæнг бæрæггæнæнтæ кæй ныффыстой æмæ æнæзакъонæй зæхты кæй фæуæй кодтой, уый фæдыл. Прокуратурæмæ балæвæрдтам 43 хъасты 543 зæхты хайы фæдыл. Уыл нæ архайд нæ фæцис. Куыст дардæр цæуы. Фæлæ сбæрæг кодтам, зæхты 35 хайы фæзуатыл æнæзакъон æгъдауæлдтытæ кæй æрцыд. Сæ фылдæр сты Дзæуджыхъæуы. Уырдæм хаст æрцыдысты Уæлахизы парк, Дендрарий, Нæртон, Доны станцæ æмæ Терчы былгæрæтты зæхты. Ноджыдæр ма прокуратурæмæ балæвæрдтам, Дзæуджыхъæу, Алагир, Мæздæг, Дыгур, Кировы æмæ Горæтгæрон районты зæхты хæйты фæдыл куырдиæттæ, цæмæй бæрæггонд æрцæуа сæ закъоны æмвæзады ахастдзинад. Нæ республикæ бирæ паддзахадон программæтæ æмæ ацион проектты архайы, хуымæтæг ныхæстæй зæгъæн кæмæн нæй, æмæ ахæм цæлхдуртæ фæзынд нæ архайды. Нæ бæстæйы Президент уынаффæ рахаста ноджы фылдæр скъолатæ æмæ рæвдауæндæттæ аразыны фæдыл, æмæ программæмæ бæргæ бахастам ног скъолаты арæзтад, фæлæ нæм зæхты хæйттæ та нæй. Куыд æмæ цы уавæрты сæхæст кæнæм уыцы хæстæ? Мах республикæйы рæзтыл архайын хъæуы, фæлæ зæхх куы нæ уа, уæд куыдæй? – дзырдта Сергей Меняйло.

Пресс-конференцийы нæ республикæйы Сæргъæлæууæг видеоæрмæджыты фæрцы фæнысан кодта, абон ныхас цы зæхты цæуы, уыцы хæйттæ. Уым ирдæй æвдыст цæуынц, хъæдты дæр арæзтæдтæ кæй райдыдтой, уый. Уый тыхæй Сергей Меняйло загъта:

– Хъæдтæ нæ хъæздыгдзинæдтæ сты, УФ-йы фæзуæттæ æмæ нын Дзæуджыхъæуы сæрмæ Реданты æмæ Дендрарийы фæзтæ нæ бæстæ радта парчы хуызы дзы пайда кæнынæн, арæзтæдтæн нæ, фæлæ. Мæскуыйы горæты мидæг цы чысыл хъæдтæ ис, уым цæрæгойтыл дæр цуан кæнæн нæй закъоны бындурыл. Махмæ та дзы арæзтæдтæ кæнынц.

Бынтон диссаг у Уæллаг Фыйыйагдоны зæхты уавæр. Адæм хъаст кæнынц, къæдзæхты фæхстæ æмæ хохрæбынты ног арæзтæдтæ кæй райдыдтой, афтæмæй уыцы бынæттæ сты тæссаг зæйтæ æмæ ламитæ кæлынæй. Уымæй уæлдай, цæугæдон Фыйыйагдоны былгæрæтты ныззылдтой дачæтæ. Æппын куыд ницы хъуыды кæнæм? Абон иннæ регионты цы бæллæхтæ цæуы, адæм доны бын фесты, уый дæр нæ уынæм? Цæгат Ирыстоны дæттæ дæр иу æмæ дыууæ хатты нæ раивылдысты. Уæ зæрдыл ма æрлæууын кæнут уыцы цаутæ. Хъолайы цъитийы фыдбæллæхы мемориалы бакомкоммæ дæр егъау зæхты ахст æрцыдысты, æмæ сæ гæбазгай уæймæ равæрдтой. Цымыти нæ чи нæ уарзы, ахæм адæймаг нæ разындзæн. Уый нæ фыдæлты рагон историон объект у, музей гом арвы бын, фæлæ дзы цы арæзтæдтæ фæзынд, уыдон ныры хъуыддæгтæ не сты, фæлæ дæсгай азты хабæрттæ. Уым ницыуал нæ бон бауыдзæн, фæлæ ма дзы цы зæхты гæбæзтæ баззад, уым ахæм арæзтæдтæн æруадзæн нал ис. Уыцы хъуыддаг хауы Дзуарыхъæуы бынат «Цъæйаг»-мæ дæр. Хъæды чи райдыдта объект аразын, уыцы куыстытæ æрлæууын кæндзыстæм, арæзтæдтæ фехалдзыстæм æмæ хъæдтæ фæстæмæ паддзахады исбонадмæ бахæсдзыстæм. Хицæн адæймæгты къухты нал уыдзысты. Æз фæдзæхстон районты сæргъæлæуджыты, загътон сын, бæрнондзинад закъоны раз кæй хæсдзысты, уый. Нæ куыст зæхты фæдыл нæма фæцис, разæй нырма бирæ хъуыддæгтæ ис Дыгургомы дæр. Цалынмæ иннæ кæмтты дæр Уæллаг Фыйыйагдоны хуызæн уавæр нæ сæвзæрд, уæдмæ нæ бацархайын хъæуы, цæмæй ма байрæджы уа, – загъта нæ республикæйы Сæргъæлæууæг.

Æмбырды журналисттæ læвæрдтой фарстатæ, æмæ сын бæлвырд дзуаппытæ радта Сергей Меняйло. Зæхты фарста сбæлвырд кæныны куыст дарддæр цæуы.

САУТÆТЫ Тамилæ

Хицауады æмбырдæй

Боны фæткы – республикон бюджет, социалон объектты арæзтад, фæллойы базары уавæр

ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй уыд РЦИ-Аланийы Хицауады радон æмбырд. Министртæ æрдзырдтой республикон бюджет æххæст кæныны, ахсджиаг социалон объектты арæзтад æмæ цалцæджы, фæллойы базары нывылад æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл.

2024 азы фыццаг æмбисы республикон бюджет куыд æххæстгонд цæуы, уый тыхæй доклад скодта Цæгат Ирыстоны финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Исахъты Олег**. Финансты министрады разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, дзуаппон рæстæгмæ республикæйы консолидацигонд бюджеты æфтиæгтæ хъуамæ схæццæ уой 12 миллиард æмæ 516 милуан соммæ, хæрдзтæ та – 12 миллиард æмæ 777 милуан соммæ.

– Дзуаппон рæстæг республикон бюджетмæ æфтиæгты хуызы ныридæгæн æрбафтыд 11 миллиард æмæ 88 милуан сомы бæрц. 2024 азы январы-мартъийы республикон бюджеты хæрдзтæ схæццæ сты 11 миллиард æмæ 359 милуан соммæ, – бафиппайдта министр.

Исахъы-фырты ныхасмæ гæсгæ, хъалонтæ æмæ æндæр хуызы фиддонтæй республикон бюджетмæ æфтиæгты хуызы æрбафтыд 4 миллиард æмæ 238 милуан сомы бæрц (ивгъуыд азы уыцы æмгъуыдимæ абаргæйæ, 32,3 проценты фылдæр).

Уыимæ, финансон ведомствæйы разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй бюджетон хæрдзтæн сæ фылдæр хай (60 проценты бæрц) læвæрд цæуы социалон-культурон нысаниуæджы статьятæ æххæст кæнынæн.

– Куыд уынæм, афтæмæй азы фыццаг кварталы республикон бюджеты пъланон нысантæ уæлдайджынтæй æххæстгонд цæуынц. Æмæ раздæрау бюджетон хæрдзтæн сæ фылдæр æрвыст цæуы социалон-культурон къабазы фарстатæ лыг кæнынæн. Зæгъæм, дзуаппон рæстæг ахуырады, æнæниздзинад хъахъхъæнынады, спорты райрæзт æмæ æндæр къабæзты фыццаградон программæтæ æххæст кæнынæн арвыстæуыд 7 миллиард сомы бæрц. Уæлдай læмбынæг цæстдард læвæрд цæуы граждæнтæн алыхуызон социалон фиддонтæ кæныны фарстамæ дæр. Ахæм нысаниуæджы статьятыл фыццаг кварталы хардзгонд æрцыд 1,2 миллиард сомы бæрц. Æппæт хъарутæй бацархайын хъæуы, цæмæй бюджетон статьятæ æнæкъуыхцыйæ æххæст кæныны фарстамæ амæй фæстæмæ дæр уа фыццаградон цæстдард, – фарстайæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, загъта Дзанайты Барис.

Уый фæстæ Хицауады уæнгтæ æрдзырдтой æмæ сфидар кодтой сæрмагонд республикон программæ «Арæзтæдтæ»-йы проект. Амынд программæмæ бахастой æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, культурæйы, спорты, фæндагон инфраструктурæйы 870 ахсджиаг объекты арæзтад æмæ цалцæг. Программæйы уагæвæрдтыл куыст цæудзæн 2024-2030 азты.

Дарддæр министртæ æркастысты фæллойы базары уавæр фæнывылдæр кæныны уæлæмхасæн мадзæлттæ пъланмæ. Уыцы нысанæн цы программæтæ æмæ проекттæ ахъаз уыдзысты, уыдоны тыхæй радзырдтой профилон республикон ведомствæты минæвæрттæ.

– Федералон Хицауады уынаффæйæ фæстаг æртæ азы дæргъы уæлæмхасæн финансон фæрæзтæ дихгонд цæуы фæллойы базары уавæр фæхуыздæр кæнынæн. Ахæм федералон æхху ысы фæрцы республикæйы цæрджытæй бирæтæ райстой ног дæсныйæдтæ, иннæтæн та фæзындысты куысты бынæттæ. Æмткæй райсгæйæ, ахæм уæлæмхасæн программæты фæрцы æхху ысы мадзæлттæ ахæссыдысты 100 куыстдæттæг организацийыл æмæ 1300 куыстагур адæймагыл. Адæмæн куыст дæттыны республикон комитет иннæ профилон ведомствæтимæ уыцы архайд хъуамæ адарддæр кæна, – дзуаппон докладтæм байхъусгæйæ, бафиппайдта Хицауады Сæрдар.

Боны фæткы иннæ фарстаты фæдыл раныхас кодтой ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**, арæзтад æмæ архитектурæйы министры хæдивæг **Тебиаты Аслан** æмæ иннæ ведомствæты минæвæрттæ.

РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Акци

«Георгийы лент» – дунейы иудзинады нысан

Уæлахизы бæрæгбоны кадæн нæ республикæйы цæуынц патриотон акцитæ: «Парад под окнами», «Сад памяти», «Посмотри на их лица». Ацы мадзæлтты ‘хсæн Æппæтуæрæсеон æхсæнадон акци «Георгийы лент»-æн ис стыр ахадындзинад. Рæзгæ фæлтæр хъуамæ зона бæстæйы истори канд ахуыргæнæн чингуытæй нæ, фæлæ ма æмбарой æмæ аккаг аргъ кæной, кæй фæрцы фæуæлазиз стæм, уыцы адæмæн, – ахæм у ацы акцийы нысаниуæг. Ирыстоны цæрджытæн Хуссарæй Цæгатмæ Уæлахизы бæрæгбон у уæлдай нымад æмæ кадджын.

Цæгат Ирыстонæй 1941-1945 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ фæсидтысты гыццыл хъуагæй 90 мин цæрæгмæ, 45 минæй фылдæр (алы дыккаг цæрæг) сæ цард радтой Фыдыбæсты сæрвæлтау.

Дзæуджыхъæуы «Хæлардзинад»-ы монументы цур кадджын уавæры байгом Æппæтуæрæсеон акци «Георгийы лент», уый ахæсдзæн 9 маймæ. Йæ арæзджытæ – æфсæддон-патриотон хъомылады республикон центр, йæ фарсмæ æрбалæууыд «Фыццæгты змæлд»-ы бынæттон актив.

– «Георгийы лент» риуыл бакæнын у кады нысан алы адæймагæн дæр. Æмæ мын тынг æхсызгон у, абон скъоладзаутæ æмæ фæсивæдон организациты минæвæрттæ ардæм кæй æрбацыдысты, уый, – загъта, акци гом кæнгæйæ, нæ республикæйы парламенты депутат æмæ «Фыццæгты змæлд»-ы разамонæг **Саулохты Сæрмæт.**

«Хæлардзинад»-ы фæзмæ æрбамбырд сты канд скъоладзаутæ нæ, фæлæ ма горæты цæрджытæ дæр. Фæзы хъуысыдысты хæстон зарджытæ, астæуæй та лæууыд аиварæзт 1963 азы «ГАЗ-63» тырысатæ æмæ хæстон разамонджыты къамтимæ. Машинæмæ сæхи ‘лвæстой сабитæ, фæндыд сæ фенын йæ алы лыстæг хай дæр.

Куыд базыдтам, афтæмæй йæ сæмбырд кодта, къухæй арæхстджын чи у, ахæм дæсны **Тменаты Гермæн**, æмæ йыл дыууадæс хатты архайдта «Æнæмæлгæ полкъ»-ы акцийы Владимиры облæсты.

Акци куы байгом, уæд барвæндон æхху ысгæнджытæ салдæтты дарæсы скъоладзаутæн уарын райдыдтой ленттæ. Акцимæ чи каст, уыцы хистæртæ разыйæ баззадысты мадзалæй, бафæндыд сæ райсын ленттæ сæхицæн æмæ сæ кæстæртæн.

Ацы ленты истори райдыдта 1769 азы, Екатеринæ II-аг паддзахиуæг куы кодта, уæд. Ног цард та дзы бауагътой Уæрæсæйы информацион агентад «РИА Новости»-йы 2005 азы. Уæдæй ацы адæмон традици апарахат дунейы алы бæстæты æмæ иу кæны, нацистон идеологийы ныхмæ чи у, Уæрæсейы ахъаззагдæр архайд уæлахизы хъуыддаджы гурысхойаг чи нæ кæны, уыцы милуангай адæймæгты.

МАМИАТЫ Лолитæ

Аудынад

Ацæргæ адæмæн – ног хæдзар-интернат

Дзæуджыхъæуы райдыдта ацæргæ æмæ сахъат адæмæн ног хæдзар-интернаты арæзтад. Уый тыхæй йæ телеграм-каналы фыссы РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.

Республикæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, ног хæрзаудæн бæстыхайы уыдзæн 200 бынаты.

«Дыууæ уæладзыгон хæдзар-интернат сараздзыстæм Дзæуджыхъæуы курортон тæлмы, Доны станцæмæ ’ввахс. Интернаты уыдзæн 1-, 2- æмæ 3-бынатон бæстыхæйттæ. Уыимæ, алкæцы уаты дæр уыдзæн хицæн хинайæн. Интернаты цæрæг адæмы удæнцойæн проекты нысангонд цæуынц æппæт фадæттæ дæр», – фыссы Цæгат Ирыстоны Сæргъæлæууæг.

Афтæ, алкæцы уæладзыгыл дæр æрбынæттон уыдзæн зымæгон дыргъдон, бæстыхайы алыварс та – тезгъогæнæн къахвæндæгтæ æмæ оранжерея. Уымæй уæлдай, интернаты уыдзæн чиныгдон, компьютерон кълас, кино æмæ тренажерты залтæ, процедурæты кабинеттæ, хæрæндон, гæрзтæхсæн æмæ æндæр дæлхайæдтæ.

Нæ уацхæссæг

Дзырды фарн

Адæм кæрæдзийы руаджы цæрынц... Хорз адæмæн уæрст ницы ис...

ГÆДИАТЫ Секъа

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **25 апрелы,** республикæйы боныхъæд уыдзæн асæст, нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **13-28 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,50

Хурыскаст — 05,02
Хурныгуылд — 18,55

Валютæйы аргъ

Доллар — 93,19
Евро — 99,19

12 +

Уæлахизмæ цæугæйæ

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты 1418 боны

1942 азы, ацы бон, 25 апрелы – хæсты 308-æм бон:

ССР Цæдисы Адæмон комиссарты совет æмæ ÆКП(б) ЦК сфидар кодтой Уынаффæ «Паддзахадон къуымбил æнæмæнг дæттыны нормæтæ иуцасдæр фæфылдæр кæныны тыххæй». Паддзахадæн къуымбил æнæмæнг дæттыны нормæтæ фылдæргонд æрцыдысты, уымæн æмæ фронты къуымбил дзаумæттæ цас хъæуы, уыцы домæн фæфылдæр.

Мыхуыргонд æрцыдысты ÆКП(б) ЦК-йы фыццагмæйон лозунгтæ. Партийы Центрон Комитет фæсидт фæллойгæнæг уæрæх дзыллæтæм, советон æфсады хæстонтæм, цæмæй се 'ппæт хъарутæ дæр саразой знаджы бынтондæр ныддæрæн кæнынмæ.

Ныгуылæн фронты иу хайы знаг авиаци æмæ зынгæхсгæ хæцæнгарзы æххуысæй архайдта мах æхсгæ хæйттæм ныббырсыныл. Артиллери æмæ фистæгæфсады хæцæнгарзæй гитлеронтæ дæрæнгонд æрцыдысты стыр зиантимæ.

1943 азы, ацы бон, 25 апрелы – хæсты 637-æм бон:

Цæгатаг флоты торпедохæссæг авиаци Кунг-Фьонды знаджы районы ахъаззаг цæф ныккодта къанвойæн, фæдæлдон кодта транспорттæ «Леезес», «Штурцзее» æмæ посты нау, зиантæ æрхаста иннæ наутæн дæр. Ростов-Донæй ныгуылæны 'рдæм дæр нæ хæстонтæ бацыдысты карз хæсты. Советон артиллеристтæ æмæ минометæй æхсджытæ ныддæрæн кодтой знаджы 11 дзоты æмæ æмбæрзт акъоппы, се 'хсынæй ныхъхъус кодтой 2 артиллерион æмæ 3 минометон батарейы.

Челябинскы металлургон заводы кусын райдыдта егъау æмæ тыхджын электрон пец.

1944 азы, ацы бон, 25 апрелы – хæсты 1039-æм бон

Советон авиаци бомбæтæ æркалдта Латвийы æфсæнвæндæгтыл. Сræмыгъдтытæ æмæ зынгсирвæзтытæй дæрæнгонд æрцыдысты знаджы цалдæр эшелоны æфсæддон техникæ æмæ цистернæтимæ.

Севастополмæ хæстæг советон тæхджытæ æрæппæрстой судзгæйæ знаджы 27 хæдтæхæджы.

Бæстæ Хъахъхъæныны паддзахадон комитет рахаста Донбассмæ кусынмæ 36300 адæймаджы арвитыны уынаффæ. Сæ 70 проценты хъуамæ уой, зæххы бын кусын чи бафæраздзæн, ахæм нæлгоймæгтæ. Хъахъхъæныны паддзахадон комитет радта Донбассы æвзалыйы промышленносты кусджытæн сæ бинонты ракæныны бар, бахæс кодта хæдзарадон хæрдзтæн сын фæйнæ 2,5-5 мин сомы бафидын.

1945 азы, ацы бон, 25 апрелы – хæсты 1404-æм бон:

3-аг Белоруссиаг фронты æфсад уæлахизæй ахицæн кодтой Скæсæйнаг-Пруссийаг операци.

3-аг Белоруссиаг фронты 11-æм гвардион æфсад Земладонскы æрдæг сакъадахыл знаджы ныддæрæн кæнгæйæ бацахста горæт Пиллау.

1-аг Белоруссиаг фронты æфсæдтæ бацахстой Берлинæй ныгуылæнмæ цæуæг æппæт фæндæгтæ дæр.

1-аг Украинаг фронты 5-æм гвардион æфсады хæстонтæ рахызтысты цæугæдон Эльбæмæ Торгауы цур, баиу сты 1-аг америкаг æфсады хæйттимæ. Германы цæгатварсы æфсад хицæнгонд æрцыдысты немыцы хуссарварсы æфсадæй.

1-аг Белоруссиаг æмæ 1-аг Украинаг фронтты æфсæдтæ Берлиныл кæй æрхъула кодтой, стæй 3-аг Белоруссиаг фронты æфсад горæт æмæ фидар Пиллау кæй бацахстой, уыдæтты кадæн Мæскуыйы сарæзтой дыууæ салюты.

Æрмæг бацæттæ кодта
КАСАТЫ Батрадз

Барад

Адæмимæ фембæлд

Æрæджы Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады хицау, пъæлицæйы булкъон ТЫЛАТТАТЫ Аслæнбегæн уыд комкоммæ фембæлд бахатæг æм адæмимæ.

Районы цæрæг адæм хайады разамонæгмæ алыхуызон фарстаты фæдыл бахатыдысты. Тылатты-фырт алы бахатæг æм адæймагæн дæр бæлвырд дзуапп радта, стæй хайады дæлхайæдты разамонджытæн адæмы фарстаты фæдыл хæстæ сбæлвырд кодта. Ацы фембæлдтыты рæстæг адæммæ ис мидхъуыддæгты хайады разамонæгæн пъæлицæйы куысты, адæймаджы барты хъахъхъæнынад æмæ архайæг закъонæвæрынад æххæст кæныны тыххæй фарстытæ радтыны бар.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады хицау æмæ йæ хæдивджытæ бахатæг сæм адæймæгтимæ фембæлынц мæнæ ахæм адрисмæ гæсгæ: Алагир, Инæлар Бесолы-фырты уынг, 1, фыццæгæм уæладзыг. Фембæлды тыххæй рагацау фæдзурын æмбæлы **8(86731) 3-36-00** телефонæй.

Фарста кæд æвæстиатæй лыггæнинаг у, уæд Тылаттаты Аслæнбег цæттæ у адæмимæ æнæрадæй фембæлынмæ.

ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,
Мидхъуыддæгты министрады
Алагиры районы хайады инспектор

Націон проекты фæрцы

Горæты цæрджыты æнæниздзинады сæраппонд

Ивгъуыд азы кæрон Дзæуджыхъæуы 4-æм поликлиникæйы æвæрд æрцыд нырыккон компьютерон томограф. Уыцы кусæнгарз сæвæрдтой фыццаградон націон проект «Æнæниздзинад»-ы уагæвæрды бындурыл.



Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ.

Министрады минæвары ныхасмæ гæсгæ, ног техникæ сæвæрынæн поликлиникæйы бацæттæ кодтой сæрмагонд бæстыхай, специалисттæн та сарæзтой уæлæмхасæн ахуыртæ, цæмæй томографыл куыстмæ æнæкъуыхцыйæ бавналой.

Уыцы æууæлты фæрцы компьютерон томографы архайд уайтагъддæр сахадыдта поликлиникæйы куыстыл – зынгæ фæкъаддæр алыхуызон медицинон иртæстытæ саразынæн хъæугæ рæстæг, стæй, ног техникæйы фæрцы, кæй зæгъын æй хъæуы, фæбæстондæр рынчыны уавæр рахатыны хæрзхъæддзинад. Поликлиникæйы специалисттæ куыд зæгъынц, афтæмæй азы райдайæнæй нырмæ ног томографы фадæттæй спайда кодтой 2 мин æхъуысхъуаг адæймагæй фылдæр. Уыдонæн томографыл сарæзтой хъæугæ алыхуызон 3,6 минæй фылдæр медицинон раиртæсты. Уыцы анализты фæрцы алкæцы адæймагæн дæр нысангонд æрцыдысты хъæугæ дзæбæхгæнæн мадзæлттæ.

Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады минæвары ныхасмæ гæсгæ, республикæйы медицинон кусæндæттæ дарддæр дæр ифтонггонд цæуæдзысты ног техникæйæ. Уымæн фадæттæ дæттынц фыццаградон націон проект «Æнæниздзинад» æмæ «Æнæниздзинад хъахъхъæнынады фыццаг къæпхæны кусæндæтты модернизацийы» программæ. Зæгъæм, хæстæгдæр рæстæг ног магнитон-резонансон томограф æвæрд æрцæуæдзæн Мæздæджы районы Центрон рынчындоны дæр.

КАЛМАНТЫ Аслан

Ядерон фыдбылызтæ

Сæ рухс нæмттæ сын æрымысдзыстæм

Дыккаг дунеон хæст кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодта, уыцы заман – 1945 азы 6 æмæ 9 августы – америкаг хæдтæхджытæ япойнаг горæттæ Хиросимæ æмæ Нагасакийыл фыццаг атомон бомбæтæ кæй æрæппæрстой, планетæйы цæрджытæй уый ныр дæр рох нæу.

Тыхджын рæмыгъдтыты аххосæй мингай адæймæгтæ удæгасæй басыгъдысты, адзалæй чи аирвæзт, уыдон æмæ сæ фæстагæттæ та дæсгай азты фæстæ дæр уæззау низтæй сæйынц.

Ядерон хæцæнгарз æппæтæй раздæр кæмæ фæзынд, уыцы паддзахад – Америкайы Иугонд Штаттæ – æппæт дунейæн æлдариуæг кæныны фæнд скодта. Нæ бæстæйы бахъуыд хи атомон уарт саразын. Ядерон хæцæнгарзаразæг куыстуæттæй иу уыд Челябинскы облæсты куыстадон иугонд «Маяк». Ам удуæлдайæ чи фыдæбон кодта, уыцы мингай советон адæймæгты æхсæн уыдысты Цæгат Ирыстонæй рацæуджытæ дæр.

1951-1958 азты амынд куыстадон иугонды æрсидтмæ гæсгæ æфсæддон службæ чи кодта, уыдонæй 350 адæймаджы уыдысты нæ республикæйæ рацæуæг læппутæ, «Маяк»-ы сæйраг инженеры бынат та ахста не 'мзæххон Татраты Тасолтан. 1957 азы 29 сентябры «Маяк»-ы атомон фыдбылыз куы æрцыд, уыцы бон дзы службæ кодтой ирыстойнæгтæ Юрий Алехин, Бæдоаты Муратбег, Бететы Созыр, Бидеты Альберт, Тъехты Валентин, Токаты Сафарбег æмæ æндæртæ. Ацы адæмæн сæ фылдæр хай удæгас нал у. Ядерон бæллæхы фæстиуджытæ сæ мæрдтæм батардтой.

Дунейы фыццаг æмæ æппæтæй егъаудæр коснатæ Виктор Шерпилов æмæ Геннадий Каралуп) ядерон реактор сræмудзын нæ бауагъдтой æмæ афтæмæй адзалхæссæг

модром «Байконур» сарæзтой Казахстаны. «Байконур»-æй космосмæ ракетæтæ уадзыны заман мингай специалисттæн (адоны æхсæн – не 'мзæххонтæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ инæлар-лейтенант Коцойты Айтек, Сабеты Виктор æмæ æндæртæ) тæссаг уыд ядерон тынты ахадындзинадæй хъыгдард баййафынæй.

1961 азы 4 июлы Атлантикон фурды хæстон хæслæвæрд æххæстгæнæг, ядерон хæцæнгарзæй ифтонггонд доныбытыцæуæг К-19 науыл фыдбылыз кæй æрцыд, бирæтæ уый нæ зонынц. Стыр хъæбатырдзинад æмæ удуæлдайдзинад равдисæг денджызонтæ (адоны æхсæн – цæгатирыстойнæгтæ, 2-æм къæпхæны старшимодром «Байконур» сарæзтой Казахстаны. «Байконур»-æй космосмæ ракетæтæ уадзыны заман мингай специалисттæн (адоны æхсæн – не 'мзæххонтæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ инæлар-лейтенант Коцойты Айтек, Сабеты Виктор æмæ æндæртæ) тæссаг уыд ядерон тынты ахадындзинадæй хъыгдард баййафынæй.

1961 азы 4 июлы Атлантикон фурды хæстон хæслæвæрд æххæстгæнæг, ядерон хæцæнгарзæй ифтонггонд доныбытыцæуæг К-19 науыл фыдбылыз кæй æрцыд, бирæтæ уый нæ зонынц. Стыр хъæбатырдзинад æмæ удуæлдайдзинад равдисæг денджызонтæ (адоны æхсæн – цæгатирыстойнæгтæ, 2-æм къæпхæны старшиадæг ядерон реактор сræмудзын нæ бауагъдтой æмæ афтæмæй адзалхæссæг радиацион тынтæй фурд бахъахъхъæдтой.

1986 азы 26 апрелы Украинæйы, Киевы облæсты Чернобылы атомон электростанцæйы æрцыд стыр радиацион фыдбылыз. Ядерон бæллæхтæй адæмæн канд хæсты нæ, фæлæ сабыр царды уавæрты дæр тæссаг кæй у, чернобылаг фыдбылыз ууыл дзурæг уыд. Егъау Советон Цæдис æппæт гæнæнтæй архайдта ядерон хъомпалы ныхмæ тох кæныныл, знаггадхæссæг радиацион тынтæ кæцæй цыд, цыбыр рæстæгмæ уыцы 4-æм энергоблок тынуромæн æрмæгæй сæхгæныныл. Стыр бæстæйы алыхуызон регионтæй Чернобылмæ æрбацæуæг æфсæддон службæгæнджытæ, цардæн тæссаг уавæрты архайгæйæ, нæзынгæ знаджы ныхмæ удуæлдайæ тох кодтой. Ядерон фыдбæллæхæн æвирхъау фæстиуджытæ кæй ис, уый хатгæйæ, Чернобылмæ æрвыст æфсæддонтæ сæ хæслæвæрдтæ æнаиппæй æххæст кодтой.

Киевы облæсты æрцæуæг ядерон фыдбылызы фæстиуджытæ чи ааиуварс кодта, уыцы 1700 цæгатирыстойнагæй (адоны æхсæн уыдысты нæ республикæйы Ветеранты советы сæрдар Фриаты Хъазыбег, Чернобылæгты цæдисы сæрдар Кокойты Владимир, Быдтаты Евгени, Александр Кучер, Тристан Сихоношвили æмæ бирæ æндæртæ) ныридæгæн ма не 'хсæн цæрынц цыппарсæдæ адæймагæй къаддæр. Радиацион тынты аххосæй хъыгдардбаййафæг ацы адæм æрвылаз дзæбæхгæнинаг вæййынц. Ядерон бæллæхы фæстиуджытæ иуварсгæнджытæй фæндзай адæймагæй фылдæр хорзæхгонд æрцыдысты Хъæбатырдзинады орденæй æмæ æндæр хæстон хæрзиуджытæй.

Ядерон фыдбылызты фæстиуджытæ чи ааиуварс кодта æмæ абон не 'хсæн чи нал ис, уыцы адæмы рухс нæмттæ ссарынæн ацы азы 26 апрелы11 сахатыл Дзæуджыхъæуы Калинины уынджы æрбынæттонуæвæг скверы раздæрау сараздзыстæм æмбырд. Ядерон хъомпалæй дзыллæты бахъахъхъæнæг адæмы рухс нæмттæ рохгæнинаг не сты.

Юрий ТИТАРЕНКО,
Чернобылы фыдбылызы фæстиуджытæ иуварсгæнæг,
РЦИ-Аланийы кадджын ветеран

Æдасдзинад

Наркотикон буаргъæдты æнæзакъон зилдух

УФ-йы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управлени æмæ РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады оперативон кусджытæ, иумæйаг агурæн мадзæлттæ саразгæйæ, кæрон æрæвæрдтой Фæскавказы бæстæтæй иуы дыууæ цæрæджы æнæзакъон архайдæн.

Слестгæнджытæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй 1976 æмæ 1985 азы гуырд нæлгоймæгтæ Эльшан Асланов æмæ Алтун Сулейманов республикæмæ æрбаластой наркотикон буаргъæд. Наркотик хæйттыл куы адих кодтой æмæ йæ рагагъоммæ бæлвырдгонд сусæг бынæтты æвæрын куы райдыдтой, уæд сæ оперативон кусджытæ баурæдтой. Нæлгоймæгтæм куы баджигул кодтой, уæд сæм разынд метадоны 2 граммы бæрц.

Уыцы цауы фæдыл Рахизфарсы районы мидхъуыддæгты хайад сарæзта уголовон хъуыддаг æмæ баххæст кодта æппæт слестгæнæн мадзæлттæ дæр. Ныр уголовон хъуыддагмæ æркаст районы тæрхондон.

Хъуыддаджы æппæт æууæлтæ раиртасгæйæ, гуырысхойæгты фыдгæнд тæрхондон æнæдызæрдыгыл банымадта. Афтæмæй сæ æнæзакъон архайды тыххæй амынд нæлгоймæгтæ хæстæгдæр 3 азы æмæ 6 мæйы арвитдзысты ахæстоны.

УФ-йы Æдасдзинады федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы пресс-службæ

Æнæмæлгæ полкъ

МЫСОЙТЫ Мухар

ЦÆГÆРАТЫ Мысост



ХЪОЙБАЙТЫ Гадзо

ХЪОЙБАЙТЫ Назир

БИТАРТЫ Григори



АГЪНАТЫ Сæхæм

ГАПБАТЫ Созырыхъо

ЦОГОЙТЫ Георги

ЛОКАТЫ Владимир

ДЗИУАТЫ Будти

ФÆРНИАТЫ Сандро



ДЗАНÆГАТЫ Никъала

Ирон æгъдæуттæ

Зазхæссæн

Зазхæссæн у мардæгъдау. Кæнынц æй Куадзæнæй къуыри раздæр сабаты, афæдзы дæргъы чи амард, уыдоны рухс ном æрымысынæн.

«Зазхæссæны бон мыггаг, сыхæгтæ æмæ хæстæджытæ марды ном ардтой мархойы хæринæгтæй, — фыста Хозиты Федыр йæ чиныг «Ирон фынджы æгъдæуттæ»-йы, — хæлар ын кодтой йæ дзаумæттæ æмæ йæ дарæс. Фынгыл æвæрдтой арахъхъ, бæгæны, бæзджын æмæ тæнæг къуымæл, суары къус, доны къози, кæфы фыд æмæ цæхджын кæсæгтæ, æнхъизæнджынтæ, цуанитæ, тыппырæттæ, задынтæ, лакъамитæ, скъуддаджынтæ, хъæдурджынтæ, нартхор, мæнæу æмæ хъæдуры дзæрнатæ, ихын æмæ хуымæтæджы сæкæртæ — цыбыр дзырдæй, мархойы хæринæгтæй къухы цы уыди, уыдон се ‘ппæт дæр. Семæ-иу фынгыл æнæмæнг æрæвæрдтой цæхх æмæ кард дæр. Хæлар сæ кодтой ацæргæ лæгтæ æмæ зæронд устытæ. Фæйнæ сыкъайы-иу баныстой хæдзарвæндаг æмæ сыхаг лæгты къорд».

Уыцы бон-иу, стæй ныр дæр иуæй-иу хъæуты зазы стыргомау къалиу сфæлыстой алыхуызон дыргътæ æмæ адджинæгтæй. Сауыгътой-иу ыл къафеттæ, дыргъы хустæ, æнгузтæ æмæ æндæр хæрзад хæринæгтæ хæлттæгондæй. Хуыдтой йæ Æлæм. Зазы къалиу — Æлæм-иу мардæн куы ныххæлар кодтой, уæд æй хастой уæлмæрдмæ. Ацы марды æгъдау Зазхæссæн дæр уымæн хуыйны.

Зазы къалиу — Æлæм уæлмæрдмæ хаста барæг, ныр та — устытæ. Фæндагыл ын йæ дыргътæ, адджинæгтæ байуарынц сывæллæттæн. Хæларгонд хæринæгтæй сывæллæтты барæвдауын ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ мардæн мæрдты бæсты æхцон у, чи сæ радты, уымæн та — удыбæстæ. Зазы къалиуыл ма цы чысыл муртæ аззайы, уыдонимæ йæ уæлмæрдмæ бахæццæ кæнынц. Уым дæр та мардæн Æлæм æмæ сæ хæссинæгтæй, рухсаг у, фæзæгъынц. Стæй йын зазы къалиу йæ цырты фарсмæ ныууадзынц.

Къутгæнæнтæ

Къутгæнæнтæ сты уалдзыгон, хоры бæркады бæрæгбон. Уыцы бонмæ-иу сцæттæ кодтой, бæрæгбонæн цы фæхъæуы хæрд æмæ ностæй, уый.

Уæлдай æхсызгондæр уыд сывæллæттæн. Уыдонæн æфсинтæ мæнæу кæнæ хъæбæрхоры ссадæй фыхтой, алыхуызон хæдзары фосы æмæ кусæнгæрзты хуызтæ чи æвдыста, ахæм гуылтæ. Сæйрагдæр та дзы уыдысты хорæфснайæн къутуты, гонты хуызæгтæ. Бæрæгбон дæр афтæ уымæн хуыйны. Хоры бæркады охыл-иу цы бирæ къутутæ сфыхтой, уыдон-иу хæрздзаг бакодтой мæнæу, хъæбæрхор æмæ сысджыйæ. Ома ацы аз хортæй афтæ байдзаг уæнт нæ къутутæ, хордæттæ, гонтæ. Уый уыд зæхкусæджы стырдæр бæллицтæй иу æмæ, цæмæй æрцæуа, уымæн кодта фæзмæгой нымд æмæ сыхаг лæгты къорд».

Уыцы бон-иу, стæй ныр дæр иуæй-иу хъæуты зазы стыргомау къалиу сфæлыстой алыхуызон дыргътæ æмæ адджинæгтæй. Сауыгътой-иу ыл къафеттæ, дыргъы хустæ, æнгузтæ æмæ æндæр хæрзад хæринæгтæ хæлттæгондæй. Хуыдтой йæ Æлæм. Зазы къалиу — Æлæм-иу мардæн куы ныххæлар кодтой, уæд æй хастой уæлмæрдмæ. Ацы марды æгъдау Зазхæссæн дæр уымæн хуыйны.

Зазы къалиу — Æлæм уæлмæрдмæ хаста барæг, ныр та — устытæ. Фæндагыл ын йæ дыргътæ, адджинæгтæ байуарынц сывæллæттæн. Хæларгонд хæринæгтæй сывæллæтты барæвдауын ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ мардæн мæрдты бæсты æхцон у, чи сæ радты, уымæн та — удыбæстæ. Зазы къалиуыл ма цы чысыл муртæ аззайы, уыдонимæ йæ уæлмæрдмæ бахæццæ кæнынц. Уым дæр та мардæн Æлæм æмæ сæ хæссинæгтæй, рухсаг у, фæзæгъынц. Стæй йын зазы къалиу йæ цырты фарсмæ ныууадзынц.

Уæлдай æхсызгондæр уыд сывæллæттæн. Уыдонæн æфсинтæ мæнæу кæнæ хъæбæрхоры ссадæй фыхтой, алыхуызон хæдзары фосы æмæ кусæнгæрзты хуызтæ чи æвдыста, ахæм гуылтæ. Сæйрагдæр та дзы уыдысты хорæфснайæн къутуты, гонты хуызæгтæ. Бæрæгбон дæр афтæ уымæн хуыйны. Хоры бæркады охыл-иу цы бирæ къутутæ сфыхтой, уыдон-иу хæрздзаг бакодтой мæнæу, хъæбæрхор æмæ сысджыйæ. Ома ацы аз хортæй афтæ байдзаг уæнт нæ къутутæ, хордæттæ, гонтæ. Уый уыд зæхкусæджы стырдæр бæллицтæй иу æмæ, цæмæй æрцæуа, уымæн кодта фæзмæгой нымд æмæ сыхаг лæгты къорд».

Уыцы бон-иу, стæй ныр дæр иуæй-иу хъæуты зазы стыргомау къалиу сфæлыстой алыхуызон дыргътæ æмæ адджинæгтæй. Сауыгътой-иу ыл къафеттæ, дыргъы хустæ, æнгузтæ æмæ æндæр хæрзад хæринæгтæ хæлттæгондæй. Хуыдтой йæ Æлæм. Зазы къалиу — Æлæм-иу мардæн куы ныххæлар кодтой, уæд æй хастой уæлмæрдмæ. Ацы марды æгъдау Зазхæссæн дæр уымæн хуыйны.

Зазы къалиу — Æлæм уæлмæрдмæ хаста барæг, ныр та — устытæ. Фæндагыл ын йæ дыргътæ, адджинæгтæ байуарынц сывæллæттæн. Хæларгонд хæринæгтæй сывæллæтты барæвдауын ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ мардæн мæрдты бæсты æхцон у, чи сæ радты, уымæн та — удыбæстæ. Зазы къалиуыл ма цы чысыл муртæ аззайы, уыдонимæ йæ уæлмæрдмæ бахæццæ кæнынц. Уым дæр та мардæн Æлæм æмæ сæ хæссинæгтæй, рухсаг у, фæзæгъынц. Стæй йын зазы къалиу йæ цырты фарсмæ ныууадзынц.

Бынæттимæ баст таурæгътæ

Тудджыны лæгæт

Дæргъæвсгомы Хынцæджы хъæууатæй Къæхтысæры æхсæн къæдзæх хохы фахсыл иу лæгæты бацæуæн у дурæй амад. Лæгæтмæ фахсыл æнцон схизæн нæу, фæлæ йæ дардмæ дæр чи фены, уый йыл йæ цæст æрæвæры æмæ дисы бацæуы: «Нæ цæрынæн куы нæ бæззы, нæ — мæсыгæн, уæд фахсыл лæгæтмæ схизæн сæхгæныны сæр кæй цæмæн бахъуыд!?» Бынæттон цæрджытæй искæй куы бафæрсай, уæд дын зæгъдзæн: «Уый Тудджыны лæгæт у».

Тудджыны лæгæтыл ис таурæгъ. Адæм æй алыхуызæтты дзурынц. Цагъаты Н. фысгæ дæр ныккодта æмæ йæ рауагъта 1963 азы чиныг «Памятники материальной культуры Северной Осетии»-йы. Æз æй фехъуыстон æндæр хуызы æмæ уын æй афтæмæй уæ размæ хæссын.

Кæддæр… Уый раджы уыди. Хынцæджы цæрджытæй иу лæгæн цуаны йæ топп фæирвæзт йе ‘мбалмæ. Æнæбарæй лæг амардта, фæтудджын тыхджын мыггагимæ, æмæ йын йæ рæстдзинад уыцы тызмæг дуджы кæй ницæмæ æрдардзысты, уый зыдта. Уæд-иу лæджы чи амардта, уый нæ, фæлæ кæй хæцæнгарзæй мард æрцыд, уый дæр нымад цыд тудджыныл, тудджыны фиддонтæ дзы домдтой. Æмæ цуанон лæг йæхи бафæсвæд кодта. Бон æмбæхст уыцы лæгæты, æхсæв та йæ фидæрттæ кодта — дуртæ йæм бæндæнæй ласта æмæ йын йе схизæн æхгæдта.

Тудджынæн йæ хæдзары дыууæ хойы æмæ мад йеддæмæ ничи уыд, æмæ зыдта, уыдоны кæй ничи бахъыгдардзæн. Сылгоймаджы туджы тыххæй ничи мардта, æфхæрдта. Уый худинагыл нымад цыд. Æмæ ма йын-иу йæ хотæ сусæгæй хæринаг дæр схастой. Уыцы хабар бафиппайдтой, дзæгъæл гæрахæй чи фæмард, уый æртæ æфсымæры дæр, фæлæ сæ хотæ не ‘ндæвтой. Лæджы лæгæтæй куыд расайой æмæ сæ туг куыд райсой, ууыл уыд сæ сагъæс. Хотæ йын хæринаг схæссынц, уый дæр уыдон нымадтой хорзыл — кæд сæм искуы дæлиау æрхизид, уæд ыл сæ хæцæнгарз сæндзариккой, æмæ æдзух фæлтæрæнтæ кодтой. Фæлæ сæ къухы не ‘фтыд. Цуаны ауайы, уый дæр зыдтой. Йæ разы дæр-иу бабадтысты, дардæй-иу æй æхстой, æввахс бацæуын æм нæ уæндыдысты, йæ рæстдзæвины ахаст ын зыдтой. Хорз цуаноныл нымад уыд. Æфсымæрты фæцæгъдынæн ын фадат арæх уыд. Уæлдайдæр æм-иу лæгæтмæ куы бырстой, уæд. Фæлæ йæ барæй туг ныккалын нæ фæндыд, æмæ сæ-иу тæрсыны æхст кодта.



Тудджыны лæгæт хохы фахсыл

Æфсымæртæ сæхимидæг æмбæрстой цуаноны зæрдæйы уаг, фæлæ сæ ничи ницы дзырдта. Тугисыны тызмæг æмæ æгъатыр æгъдау сæ зонды мылазон мигъау ныббадт. Сæ сæртæ сисын, сæ дзыхы дзаг сдзурын сæ нал уагъта. Худинаг сæм каст, ныр-ма се ‘фсымæры туг кæй нæ райстой, уый. Æмæ адæмы раз сæхи æнкъардтой ныхкъуырдæй.

Уæд иуахæмы кæстæр, царды нысан удæй хорз чи нæма банкъардта, уый йе ‘фсымæртæн куы райхалид, сæ худинаджы уавæрæй фервæзынæн æм цы хъуыды фæзынд, уый.

Иу мæйрухс æхсæвы, зæгъы, æз арсы цармы мæхи стухдзынæн, афтæмæй арсы цыдæй лæгæты ‘рдæм сабыргай мæ ныхъ сараздзынæн. Нæ амæттаг мæ æнæ бафиппайгæ нæ фæуыдзæн, æрæхсдзæн мæ, æз фыццаг æхсты фæстæ мæхи мардæфсон скæндзынæн. Уый, цуанон уæвгæйæ, йæхи нæ бауромдзæн, йе ‘мбæхсæн бынатæй «арсы мардмæ» æрхиздзæн. Сымах уыцы рæстæг хъуамæ æмбæхст уат, лæгæтмæ фæндаг уæм æхсты бæрцмæ хорз кæдæм зына, ахæм ран. Æмæ-иу ыл ма бацауæрдут. Æз дæр æй æхсдзынæн.

Фæнд хорз фæнд уыд, фæлæ æфсымæртæ нæ разы кодтой сæ кæстæры топпы дзыхмæ æрæвæрыныл, уæд та дæ фыццаг æхстæй амардта, куыд рæстдзæвин у, уый нын амонын нæ хъæуы, зæгъгæ. Фæлæ кæстæр æфсымæр йæ фæнд атардта тугисыны карз æгъдауы фæрцы, æмæ æртæ æфсымæры иу мæйрухс æхсæв араст сты сæ тудджыны марынмæ. Сæ фæнд конд уыд. Кæстæр йæхи арсы цармы æрбатыхта æмæ арсы цыдæй фæхилы хохы фахсыл. Æфсымæртæ йæм сæ цæст дарынц. Уалынмæ йæ бафиппайдта цуанон дæр. Ныхъхъавыд æм, æмæ мæйрухс æдзæм æхсæвы топпы хъæрæй ныццарыдтой кæмтты нарджытæ. «Арс» æрхаудта æмæ айнæгыл æнцадæй аззад. Цуанон иу дзæвгар йæхи нæ равдыста, фæлæ та бæстæ куы ныссабыр, уæд лæгæтæй йæ амæттагмæ рараст. Æфсымæртæ йæ дæлиау æруагътой, фæстæмæ алидзын ын куыд нæ бантыстаид, уый бæрц. Стæй йæм сæ дыууæ дæр æмхъавд фæкодтой, æмæ дæ балгъитæг — афтæ. Лæг фæцудыдта, стæй сæрбихъуырæйттæ кæнгæ æртылд се ‘фсымæры фарсмæ.

Æфсымæртæ се ‘мбæхсæн бынатæй фæгæппытæ кодтой æмæ чи фæраздæронæй атагъд кодтой сæ кæстæры уавæр базонынмæ. Арсы цармæй йæ фæхицæн кодтой, асгæрстой йæ, фæлæ дæ фыдгул уыйау уæд. Рæстдзæвин цуанон нæ фæивгъуыдта иу æхстæй дæр. Чысыл фалдæр йæ мæрдон хуызы хуыссыд йæхæдæг дæр.

Гъе, ахæм æгъатыр æмæ тызмæг æгъдæуттæ уыд нæ хæхты. Уыдонæн æнусты æвдисæнæй лæууы Тудджыны лæгæт.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

Федералон проект

«Уæрæсе – уæрæх фадæтты бæстæ»: бинонты командæты ерыстæ

Горæт Ростовы ахицæн сты дзыллон федералон конкурс «Это у нас семейное»-йы æрдæгкæронбæттæн ерыстæ. Хуыздæрты ном райсыныл тох кодтой Хуссайраг æмæ Цæгаткавказаг федералон зылдты (уыдоны нымæцы – бæстæйы ног регионты) бинонты командæтæ.

Ахæм федералон конкурс арæзт цæуы президентон платформæ «Уæрæсе – уæрæх фадæтты бæстæ»-йы уагæвæрды бындурыл. Амæй размæ ерыс арæзт æрцыд регионты æмвæзадыл. Ныр та дыууæ федералон зылды арæхстджындæр бинонты командæтæ балæууыдысты æрдæгкæронбæттæн ерысты. Алкæцы бинонты дæр сæ дæсныдзинад равдисын хъуыд сфæлдыстадон, интеллектуалон æмæ спортивон конкурсты. Афтæмæй æвзæрст æрцыдысты федералон кæронбæттæны архайджытæ. Уыдоны нымæцы – дыууæ федералон зылдæй 40 командæйы.

Æрдæгкæронбæттæны Цæгат Ирыстоны кад хъахъхъæдта **Пешковты-Кузнецовты** бинонты командæ. Æмæ кæд не ’мзæххонтæ федералон кæронбæттæнмæ нæ рацыдысты, уæддæр конкурсы сæ архайдæй разыйæ баззадысты. Сæ ныхасмæ гæсгæ, Ростовмæ балц цымыдисаг æмæ æхсызгон рауад, бахæлар сты иннæ регионты минæвæрттимæ...

Федералон конкурс «Это у нас семейное»-йы кæронбæттæн уыдзæн сæрды, Бинонты, уарзондзинад æмæ иузæрдæдзинады боны агъоммæ. Кæронбæттæны фæуæлахизуæвæг бинонты 30 командæйæн саккаг кæндзысты фæйнæ 5 милуан сомы бæрц цæрæнуатон сертификаттæ, иннæ командæтæн та балæвар кæндзысты туристон балцæгтæ уæрæсейаг регионтæм.

КАЛМАНТЫ Аслан

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

Хуыцауысконд ахуыргæнæг

Ирыстоны номдзыддæр хъæутæй иу – разагъды Джызæл. Ацы зæдбадæн ран фидар бынат æркодтой ирон фарн, ирон æгъдау, ирон æфсарм, æмæ сыл абон дæр джызæйлæгтæ фидар хæцынц, стыræй-чысылæй.

Джызæлы акодта Моргуаты Зауырбеджы чызг Аллæ йæ фыццаг къахдзæфтæ. Хъæлдзæг æмæ амондджын уыдысты йæ сабибонтæ, зæрдæрухсæй хъомыл кодтой йе ‘ртæ хо æмæ иунæг æфсымæримæ сæ фыдæбонджын, куыстуарзаг, адæмуарзаг фыд Моргуаты Зауырбег æмæ сæ кадджын мад Замирæйы къухы.

Джызæлы 1-æм скъолайы къæсæрæй куы бахызт, уæд, цыма, аргъуаны къæсæрæй бакаст, афтæ фæкаст гыццыл Аллæмæ, æмæ райдыдтой йæ фыццаг ныфсджын къахдзæфтæ ахуыры бæрзæндтæм.

Аллæйæн йæ зæрдæйы арф бынат ахсы уæды рæстæджы скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Дойаты Гамболы чызг Наталья. Уый бауагъта чызджы зæрдæйы бæллиц – ахуыргæнæг суæвынмæ, æмæ хуымæтæджы ахуыргæнæг нæ, фæлæ Натальяйы хуызæн, йæ куыст æмæ сабиты æгæрон уарзтæй чи уарзы, ахæм. Скъола каст фæци иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ, фæстæдæр – Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон училищæ, стæй та – Хуссар Ирыстоны паддзахадон институт, уыдон дæр – иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. Афтæмæй сæхæст йæ сабибонты бæллиц!

Уæды рæстæджы Джызæлы 2-æм астæуккаг скъолайы директор Джульеттæ Арутюновна Саркисян æмæ ирон æвзаджы ахуыргæнæг Гиоты Антоны чызг Зинаидæ сæхимæ æрбангом кодтой чызджы, стыр ныфс дзы бауагътой, æмæ Аллæ ссис æцæг ахуыргæнæг! Абон дæр кусы Джызæлы 2-æм астæуккаг скъолайы. Зæрдиагæй йæхи цы куыстæн снывонд кодта, уымæн цырагъдарæй лæууы ныр фæндзай азы.

Дисы æфтауы Аллæйы æрвылбоны фыдæбон сывæллæтты хъомылады. Цымыдисаг сты, цы бирæвæрсыг мадзæлттæ аразы сабитæм ирон культурæ, æгъдæуттæ æмæ традицитæм уарзондзинад гуырын кæныны охыл, нæ ирон адæмы сфæлдыстадмæ цымыдис цæстæй кæсын. Фæсурокты сывæллæтты зонгæ кæны, ирон адæмæй сæ кадджын нæмттæ историйы кæмæн баззадысты, уыцы лæгты фæрнджын хъуыддæгтæ, нæ республикæйы монон объекттимæ, цыртдзæвæнтæ, музейтæ, нæ фыдæлты царды хабæрттæ æмæ этнографиимæ. Бынтон цымыдисаг та вæййынц, уыцы мадзæлтты фæдыл цы конференцитæ, фембæлдтытæ æмæ диспуттæ саразы, уыдон.

Аллæйы ахуыргæнинæгтæ æрвылаз дæр свæййынц предметон олимпиадæтæ, алыварсыг конкурстæ æмæ æркастыты уæлахиздзаутæ. Уыдонимæ – республикон æрыгон иртасджыты конкурс «Ступень в науку», республикон интеллектуалон хъазт «Зондабитæ», республикон конкурстæ «Ирон дæн æз», «Ирон аив дзырды дæсны» æмæ бирæ æндæртæ.

Æнæвгъау, цæстуарзонæй йæ фæлтæрддзинад лæвар кæны æрыгон ахуыргæнджытæн. Зонгæ сæ кæны, цы методикон мадзæлттæй пайда кæны, уыдонимæ, йæ куысты ногдзинæдтимæ. Нырыккон ахуырадон технологиты бындурыл саразы дæсныйад æвдисæн ахуыртæ, базонгæ сæ кæны йæхи авторон методикæтимæ, йæхи æрхъуыдыгонд куысты хуызтимæ, сывæллæттæн ирон æвзаг æмæ литературæ бауарзын кæнынæн ахадгæ чи у, ахæм мадзæлттимæ.

Цал æмæ цал æрыгон ахуыргæнæгæн ссис ахуыргæнæг-зондамонæг! Уыдон æй æдзухдæр хъуыды кæнынц стыр æхсызгонæй. Уæдæ цал æмæ цал сывæллоны афæндараст кодта царды уылæнтæм Аллæ! Дыууадæс рауагъдоны сты, къласы разамонæг кæмæн уыд, уыдон. Бирæтæ дзы сыгъзæрин æмæ æвзист майдантимæ фесты скъола каст. Систы æфсæддонтæ, дохтыртæ, ахуыргæнджытæ, журналисттæ. Æртынæй фылдæр равзæрстой ахуыргæнæджы дæсныйад, куыд зæгъынц, афтæмæй сæ дæнцæг – Аллæ. Дойаты Зæринæйы ном хъуыстгонд у, куыд зæрдæргъæвд ахуыргонд, ЦИПУйы журналистикæйы факультеты доцент, Меладзе Маринæ бирæ азты фæкуыста скъола «Диалог»-ы ахуыргæнæгæй, ныр кусы Ахуырад æмæ наукæйы министрады. Чи сæ фæуыдзæн нымад!

Мæнæ цы зæгъы Аллæйы тыхкæй скъолайы директор Хæдзарæгаты Аслæнбег: «Ирон æвзаджы ахуыргæнæджы размæ абон бæрнон хæс æвæрд ис: ирон æвзаг, ирон классикон литературæ, нæ фыдæлты хæзнатæ рæзгæ фæлтæрмæ фæхæццæ кæнын. Уымæ гæсгæ мадæлон æвзаджы ахуыргæнджытæ сты ирон артдзæст хъахъхъæнджытæ, нæ адæмы сомбон арасджытæ. Æмæ, уыцы арфæйаг куыст чи кæны, уыдонæй иу у Моргуаты Аллæ. Уырны мæ, Аллæйæн ахуыргæнæджы дæсныйад Хуыцауæй læвæрд у. Сыгъдæг æмæ уарзæгой уды хицау, цы арфæйаг хъуыддагыл læуд у, уый кæны, сывæллæтты æгæрон уарзгæйæ. Йæ профессион æрмдзæф бæрæг дары: йæ уроктæ – классикон бындурыл амад, этикæ æмæ эстетикæйы домæнтæ хынцгæйæ, нырыккон технологитæй ифтонггонд, сыгъдæг уарзондзинадæй дзаг сывæллæттæм, ирон æвзагмæ, йæ алыварс дунемæ. Уымæн рæзынц йæ ахуырдзаутæ сæрыстыр æмæ рæсугъд удварнимæ. Аллæ æцæг ирон кадæй, куырыхондзинадæй у æххæст, фыдæлты уидæгтæ, ирон æгъдау æмæ фарныл фидар хæцæг адæймаг у. Нæ кæстæрты абон æмæ фидæны бæллиццаг цардыл, йе ’рвылбоны удуæлдай куыстæй, йæ уд æмæ зæрдæйæ къæртт æппаргæйæ, фарн чи æфтауы, ахæм адæймаг».

«Чи кæмæй райгуыры, уый хуызæн вæййы», – зæгъы ирон æмбисонд. Аллæ йæ разагъды фыд æмæ кадджын мады ныстуантæ иттæг хорз æххæст кæны. Йæ цардæмбал Бестауты Хъазыбегимæ схъомыл кодта хæрзæгъдау цот, æмæ уыдон дæр сæ ныйарджыты хорз миниуджытæй хайджын сты. Руслан æмæ Зæринæ царды ссардтой раст, фæрнджын фæндаг æмæ йыл ныфсджынæй размæ тырнынц. Ис ын хъæбулы хъæбултæ – диссаджы суинаг кæстæртæ.

Дзæбæх сыхаг, цæстуарзон æмкусæг, хъæубæстæ æмæ хиуæттæн уарзон. Ирон сылгоймаджы ном, кад æмæ радимæ чи хæссы, ахæм адæймаг.

Æрæджы скъолайы педагогон æмбырды Аллæйы раныхас кæстæр ахуыргæнджытæм кæй зæрдæ нæ фæцагайдта, ахæм нæ уыд: «Бауырнæд уæ, хорз адæм, Иры зæххыл мæнæй амондджындæр адæймаг тынг зын ссарæн у! Мæ рагбонтæй цы дæсныйадмæ бæллыдтæн, мæ удæй фылдæр цы мадæлон æвзаг уарзын, уый сывæллæттæн амонын. Кæд скъолайы бирæ азты кусын, уæддæр алы бон дæр йæ къæсæрæй бахизын уæлмонцагæй, зæрдæрухсæй. Не скъола – зæдбадæн бæстæ. Мæ ахуыргæнинæгтæ – зæды къалиутæ! Мæ тыхтыл авд-авды бафты, мæ ахуырдзаутимæ ахуыры ног бæрзæндтæм тырнгæйæ».

Йæ иузæрдион æмæ æнаипп куысты тыххæй Аллæйæн læвæрд æрцыд Уæрæсейы ахуырады кадджын кусæджы ном, у педагогон фæллойы ветеран.

Ацы бонты Моргуаты Аллæ бæрæг кæны йæ райгуырæн бон, æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы, удæй куыд рæсугъд у, йæ цард дæр афтæ рæсугъд куыд уа. Йæ ахуыргæнинæгтæ йæ уды фарнæй куыд фæхайджын уой æмæ ахуыры бæрзæндтæм куыд тындзой.

Фæзминаг хистæр дæ, Аллæ, æмæ Хуыцауы хорздзинæдтæй хайджын у! Бирæ азты ма æнæнизæй, зæрдæрухсæй Джызæлы рæзгæ фæлтæræн раст фæндæгтæ куыд амонай, уыцы хорзæх дæеу дæр æмæ Джызæлы цæрджыты дæр уæд! Фарн æмæ амондимæ цæр дæ рæсугъд бинонтимæ!

ХÆДЗАРÆГАТЫ Маргаритæ, Джызæлы 2-æм астæуккаг скъолайы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг

Спортивон фидиуæг

Армрестлинг

Хæрзиуджыты стыр хуын Орелæй

Горæт Орелы армрестлингæй Уæрæсейы чемпионаты цы цыппарсæдæ спортсмены ерыс кодтой, уыдоны 'хсæн уыдысты РЦИ-Аланийы æртын минæвары.

Нæ чызджытæ æмæ лæппутæн, галиу æмæ рахиз къухтæй хæцгæйæ, бантыст 21 хæрзиуæджы рамбулын.

Чызджыты ерысты 1-аг бынæттæ бацахстой: 70 кг онг уæзы **Маринæ Матвеева** (рахиз къухæй хæцгæйæ) æмæ +90 кг – **Хъайырты Мæдинæ** (галиу къухæй). 2-аг бынæттæм рацыдысты: 60 кг – **Хортиты Оксанæ** (рахиз æмæ галиу къухтæй) æмæ 70 кг – **Дзуццаты Елизаветæ** (галиу къухтæй). 3-аг бынæттæ æмæ бронзæ майдантæ рамбылдтой 60 кг – **Хъæрджынты Эллæ** (галиу къухæй) æмæ Дзуццаты Елизаветæ (рахиз къухæй).

Нæлгоймæгты ерысты 1-æм бынæттæ æмæ сыгъзæрин майдантæ рамбылдтой: 60 кг – **Цереканы Раман** (1-аг бынат рахиз къухæй, 3-аг – галиу къухæй), 75 кг – **Золойты Алан** (1-аг бынæттæ галиу æмæ рахиз къухтæй), 90 кг – **Цæрикъаты Владислав** (1-аг бынæттæ рахиз æмæ галиу къухтæй), +110 кг – **Хъазиты Гочæ** (1-аг бынат рахиз къухæй, 2-аг та – галиу къухæй). 2-аг бынæттæ ма рамбылдтой: 65 кг – **Саулохты Азæмæт** (рахиз къухæй), 80 кг – **Касаты Тамерлан** (рахиз къухæй). Бронзæ майдантæй хорзæхджынгонд системы 3-аг бынæттæ бацахсджытæ: 65 кг – **Хуыбаты Ирбег** (галиу къухæй), 75 кг – **Вячеслав Кутателадзе** (рахиз къухæй), 80 кг – **Хæбæлаты Арсен** (галиу къухæй).

Командæты 'хсæн Ирыстоны минæвæрттæ бацахстой 1-аг бынат, 2-аг æмæ 3-аг бынæттæм рацыдысты Бетъырбух æмæ Татарстаны командæтæ.

РЦИ-Аланийы Армрестлинджы федерацийы президент **Цъæхилты Таймураз** зæрдиаг арфæ ракодта нæ республикæйы Физикон культурæ æмæ спорты министрад æмæ Спортивон-цæттæгæнæн центры кусджытæн, командæйæн ерыстæм ацæуынмæ уавæртæ кæй сарæзтой, уый тыххæй.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Дунеон акци

Ныффысдзысты «Уæлахизы диктант»

Ацы хатт дунеон рухстауæн-патриотон акци «Уæлахизы диктант» арæзт æрцæудзæн 26 мин рагагъоммæ нысангонд бынаты 58 бæстæйы. Уый тыххæй фехъусын кодта парти «Иугонд Уæрæсе»-йы пресс-службæ.

«Ацы аз «Уæлахизы диктант» ныффыссынвæнд чи скæна, уыдонæн уыдзæн 26 мин сæрмагонд бынатмæ æрбацæуыны фадат. Уыдон байгом уыдзысты Уæрæсе æмæ дунейы æндæр 58 бæстæйы. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы фæзуæттæн сæ фылдæр кусдзæн Мæскуы æмæ Уæрæсейы иннæ регионты», – загъд ис пресс-службæйы хъусынгæнинаджы.

Партийы минæвары ныхасмæ гæсгæ, диктант ныффыссынæн сæрмагонд бынæттæ снысан кодтой бирæ федералон ведомствæтæ æмæ кусæндæттæ. Уыимæ, акцийы уæрæх архайдзысты Хъахъхъæнынады министрад æмæ тыхы æндæр ведомствæтæ дæр. Зæгъæм, Хъахъхъæнынады министрады разамынды уынаффæйæ «Уæлахизы диктант» арæзт æрцæудзæн æфсæддон наутæ «Петр Великий», «Адмирал Ушаков» æмæ «Адмирал флота Касатонов»-ыл, æфсæддон ахуырадон центртæ æмæ æндæр дæлхайæдты. Уæрæсейаг авиакомпанитæ та диктантæн фæзуæттæ бацæттæ кодтой Мæскуы, Санкт-Петербург, Омск, Энгельс æмæ æндæр горæтты аэропортты. «Уæрæсейы пост» та акцийæн фадæттæ сараздзæн йæ 107 регионалон дæлхайады.

Акци «Уæлахизы диктант» арæзт æрцæудзæн 26 апрелы. Мадзалы сæйрагдæр нысан у ныры фæлтæрты зæрдыл иу хатт ма æрлæууын кæнын Фыдыбæстæйы Стыр хæсты бонтæ, нæ бæстæйы хъæздыг æмæ намысджын историйы зынгæдæр æмæ ахсджиагдæр цаутæ.

Нæ уацхæссæг

Юбилей

Сылгоймæгты клубы бæрæгбон

Цæгатирыстойнаг сылгоймæгты клуб «Разæнгарддзинад»-ыл 25 азы кæй сæххæст, уый кадæн Дзæуджыхъæуы Адæмты хæлардзинады республикон хæдзары ацæуæг æмбырды архайдтой регионы æххæстгæнæг Хицауад, Парламент, горæты администраци æмæ æхсæнадон организациты минæвæрттæ.

Æмбырды архайджыты раз ныхас кæнгæйæ, нæ республикæйы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан** загъта:

– Цæгат Ирыстоны Сæргъæуæг Сергей Меняйлойы æмæ мæхи номæй уын уæ юбилейы фæдыл зæрдиаг арфæ кæнын. Разæнгардæй архайгæйæ, уе 'хсæнадон организаци дыууын фондз азмæ бирæ арфæйаг хъуыддæгтæ сарæзта. Зынаргъ сылгоймæгтæ! Уæ хæстæ цæмæй æнцон æмæ зæрдæрухсæй æххæст кæнат, уый уын мæ цæст уарзы. Мæ зæрдæ уын зæгъы сабырдзинад, æнтыстдзинæдтæ æмæ æвидигæ разæнгарддзинад.

Æхсæнадон организацийæн арфæгæнджыты 'хсæн уыдысты: нæ республикæйы Парламенты Национ политикæйы комитеты сæрдар **Джиоты Георги**, Дзæуджыхъæуы администрацийы ахуырады управленийы сæйраг специалист **Маринæ Кенкадзе**, Уæрæсейы Адæмты ассамблейы регионалон хайады сæрдар æмæ змæлд «Нæ Ирыстон»-ы разамонæг **Лагкуты Вячеслав**, стæй Хæлардзинады республикон æмæ Мæздæджы районы хæдзæртты директортæ **Александр Охотников** æмæ **Павел Михайлянц**.

– Сылгоймаг у иугæнæг æмæ разæнгардгæнæг зæрдæхæлар хъару. Иумæйагæй кæй архайут æмæ хорздзинæдтæ скæнынмæ кæй тырнут, уый мын æхсызгон у. Уæ клуб «Разæнгарддзинад» цæмæй бирæ азты дæргъы æнтыстджынæй архайа, уый уын мæ цæст уарзы, – арфæ кæнгæйæ, загъта Джиойы-фырт.

Юбилейы кадæн клубы минæвæрттæн Цæгат Ирыстоны Парламент æмæ Дзæуджыхъæуы администрацийы номæй радтой кады грамотæтæ. Фæстæдæр æмбырдмæ 'рбацæуæг адæмæн равдыстой «Разæнгарддзинад»-ы архайдыл дзурæг цыбыр документалон киноныв. Сфæлдыстадон коллективтæ æмæ хицæн артисттæ сæ аивадæй бæрæгбоны архайджыты зæрдæтæ барухс кодтой.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: 1999 азы Цæгат Ирыстоны Адæмыхæттыты хъуыддæгтæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрады фæндонæй сарæзтой сылгоймæгты клуб «Разæнгарддзинад». Ацы клуб баиу кодта республикæйы национ-культурон центрты сылгоймæгты æппæт советтæ. Змæлд «Нæ Ирыстон» сылгоймæгты клубы сæвзæрдмæ стыр æвæрæн бахаста.

ТЕМЫРАТЫ Альбинæ

Хъæлдзæг радзырдтæ

Уырытæн – æхсæвæр

Нана уырытæн маргæйдзаг хыссæ змæста, афтæ æрбадзырдта чидæр. Чысыл Зæлинæ йæм ракаст:
– Кæм и дæ нана?
– Уæртæ уырытæн æхсæвæр кæны...

Арвырон

Чысыл Гермæн фæрсы йæ бабайы:
– Уæлæ уый та арвыл цы у?...
– Арвырон, мæ хур, арвырон...
– Æмæ арвы та рон цæмæн хъæуы? Æви уымæн дæр йæ хæлаф хаугæ кæны?...

Сомтæ

– Æмæ ды ленк кæнын цæуылнæ сахуыр кодтай? Дæ хистæр æфсымæр кæсагау куы ленк кæны...
– Ай-гъай! Уый-иу æртæ капеккæй «Воднимæ» сфардæг... Мæн та æртæ сомы фидын хъæуы трамвайы...

Хæзна

Дзиби æмæ Биби цады æнгуыр дарынц. Фæлæ – ницы... Уæд Дзиби Бибимæ дзуры:
– Гъеныр, зæгъæм, сыгъзæрин кæсаг æрцахстай. Цы хæзна дзы ракурис?
– Цæмæй ме 'нгуыр кæсаг æрцахса...

Рог чызг

– Æмæ ды акробатикæйæ цæуылнæ архайыс? – гыццыл чызг фæрсы йæ хойы.
– Æгæр уæззау дæн...
– Уæдæ дын мамæ афтæ куы фæзæгъы, æгæр рог дæ, мæ чызг, зæгъгæ.

ХЪАУЫРАТЫ Дауыр

Патриотон хъомылад

Ног киноныв тагъд фенæн уыдзæн

Дзæуджыхъæуы Афицерты хæдзары уыд æхгæд равдыст Денис КАЗАНЦЕВЫ киноныв «Суворовец 1944». Программæ арæзт æрцыд Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл Федералон агентад «Роспатриот», РЦИ-Аланийы Фæсивæды хъуыддæгты комитет æмæ Æфсæддон-патриотон хъомылады центры фæрцы.

Киноныв фенынмæ æрбахуыдтой Дзæуджыхъæуы скъолаты 7-9 къласты ахуырдзауты, Суворовы номыл училищæ æмæ Цæгат Ирыстоны университеты æфсæддон центры курсантты.

– Ныры рæстæджы тынг ахсджиаг у нæ фæсивæды патриотон хъомыладыл бацархайын, цæмæй сæ фæзминаг адæм рауайа. Æнæмæнг сæ хъæуы ныртæккæ æрбангом кæнын, цæмæй нæ рæзгæ фæлтæр раст хъомылад райсой, ма рох кæной хъæбатырты, сæ фыдæлты хъайтардзинæдтæ. Ацы киноныв æвдисы рæзгæ фæлтæрæн, куыд хъæуы хи дарын зын рæстæджыты, цыфæнды кары куы уай, уæддæр дæ лæгдзинад æмæ де 'гъдау макуы хъуамæ фесæфа, – загъта Цæгат Ирыстон-Аланийы æфсæддон-патриотон хъомылады центры директоры хæдивæг **Тъехты Эльбрус**.

Киноныв у Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты дард Сыбыры хъæуы цæрджыты историйы тыххæй. Сæйраг архайæг – æртындæсаздзыд лæппу Вовка Куликов, кæцы æрцыд хæдзармæ Суворовон училищæйы азы ахуыры фæстæ. Лæппу базыдта, йæ фыд хæсты быдырмæ кæй ацыд, сæ хъæуы та уыцы рæстæг сæвзæрд зын уаварæтæ. Кæд гыццыл уыд, уæддæр йæ лæгдзинад равдыста, давджыты æрцахсын кодта.

Киноныв у ног, кинотеатрты рацæудзæн абон. Уазджытæ йæм кастысты тынг цымыдисæй, тынг фæцыд сæ зæрдæмæ, хорз æнкъарæнтæ дзы райстой, кæмдæр худгæ кодтой, кæмдæр-иу сæ цæссыг дæр æруагътой. Мæнмæ гæсгæ, у ахæм, хорзырдæм фæбæрæг уыдзæн хъомыладыл, йæ бакæсæгмæ сæвзæрдзæн лæгдзинад æмæ патриотон хъуыдытæ.

ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Хуыцаубоны, 12 майы, Раздзоджы уыдзæн хъæуы куывд æмæ йæ 185 азы юбилей. Хуынд æм цæуынц хъæубæстæ æмæ хъæуæй рацæуæг адæм. Бæлвырддæр хабæрттæ базонæн ис ахæм телефонæй: **8-928-858-58-08.**

ПРОДАЕТСЯ
частный дом в совхозе Красногор.
2 комнаты, большой зал,
сарай, сад, земля 15 соток, имеется свет, газ.
Тел.: 8-928-861-25-60 (Фариза).

Ремонт стиральных машин и холодильников. Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ**.
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ**.
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Ræмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ**.

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргъæлæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03**. Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3229. Заказ № 439. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru